


MOUN KI NAN MEDICAID

Siveye Kourye ou pou Jwenn Avi pou Renouvèlman

Ou pral resevwa yon avi nan yon papye jòn pa lapòs pou renouvre pwoteksyon ou ant kounye a ak mwa Avril 2024.*

Pou wè dat ki estime pou renouvèlman ou, konekte nan kont ou sou sitwèb HealthyRhode.RI.gov.



GEN DE KALITE AVI OU KAPAB RESEVWA.

1

AVI POU RENOUVÈLMAN AKSYON KI NESESÈ:

- Revize enfòmasyon yo ki nan fòm nan.
- Fè nenpòt koreksyon.
- Bay prèv chanjman yo.
- Siyen epi prezante fòm nan ak dokiman yo.

2

AVI POU RENOUVÈLMAN RAPÒTE CHANJMAN YO SÈLMAN:

- Si enfòmasyon ou yo ki nan fòm nan kòrèk, pa fè anyen. Pwoteksyon ou pral kontinye.
- Si enfòmasyon ou yo pa kòrèk ekri sa nan chanjman yo, epi siyen ak prezante fòm nan avèk prèv chanjman yo.

EPI

Si Leta bezwen plis enfòmasyon, w ap resevwa yon lòt avi tankou avi blan ki anba a.

LÒT DOKIMAN KI NESESÈ

Anvlòp sa a pral vini toupre tan w ap resevwa fòm pou renouvèlman nan papye jòn nan epi l ap tenbre jan sa endike anba a: "Time sensitive – Open Immediately" (ijan - louvri imedyatman).

KAT FASON POU PREZANTE FÒM NAN

- Biwo pou prezante poukout ou dhs.ri.gov/about-us/dhs-offices
- Chwa pou voye fòm nan pa lapòs oswa pou Eskane li RI DHS Scan Center: 1 Reservoir Ave, Providence
Voye kopi yo nan adrès: P.O. Box 8709,
Cranston, RI, 02920
- Chaje kont ou sou sitwèb HealthyRhode.RI.gov
- Itilize Aplikasyon pou Aparèy Mobil [HealthyRhode](https://HealthyRhode.RI.gov/mobile-app)

KESYON?

Gen èd ki disponib.
Eskane Kòd QR pou jwenn chwa yo.



**BE READY.
STAY COVERED.**

*Si ou resevwa Revni Sekrite Siplemantè (Supplemental Security Income , SSI) ou p ap resevwa yon avi pou renouvèlman. Pwoteksyon Medicaid ou ap kontinye otomatikman. Fanmi ki gen timoun p ap renouvre pwoteksyon yo jouk nan mwa desanm 2023. Kèk moun ki nan Medicaid ka resevwa yon avi nan papye vèt olye youn nan papye jòn. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb staycovered.ri.gov/notices.